

## Pwosesis Lakay ak Lopital Modifye pou Elèv Wo Risk ki Vilnerab a COVID-19

(Sa a pa pou elèv ki ka bezwen izolasyon oswa karantèn poutèt COVID-19)

- 1 Paran/Responsab yo enkyete sou aprantisaj an pèsòn pou Ane Skolè 2021-2022 poutèt yon konsiderasyon sanità.  
↓
  - 2 Fanmi an revize Oryantasyon DESE pètinan ([Politik CMR 28.03\(3\)\(c\)](#) & [8/20/21 Mizajou](#)). Fanmi an kwè elèv la p ap ka aprann nan lekòl la pandan omwens 14 jou skolè pandan AS21-22 poutèt yon konsiderasyon sanità.  
↓
  - 3 Fanmi an konsilte ak Medsen Swen Prensipal (PCP) yo an ak/oswa espesyalis medikal pou diskite si kondisyon medikal elèv la anpeche li aprann an pèsòn. Si medsen an si elèv la bezwen yon akomodasyon pou aprantisaj lakay, medsen an ranpli [Fòmilè Deklarasyon Medsen an](#).  
**EPI**  
Paran an oswa responsab la ranpli [Fèy Kouvèti COVID-19 la](#).  
↓
  - 4 Fanmi an soumèt Deklarasyon Medsen ki ranpli a ak Fèy Kouvèti COVID-19 la bay enfimyè lekòl la pou revizyon. Enfimyè a travay ansanm ak fanmi an pou ajoute kèlkeswa enfòmasyon ki manke. Enfimyè lekòl la kapab kontakte sèvis sante pou konsiltasyon, se sa nesèsè.  
↓
  - 5 Enfimyè lekòl la depoze [Fòmilè Deklarasyon Medsen an](#) ak Fèy Kouvèti COVID-19 la ansanm bay [homeandhospital@bostonpublicschools.org](mailto:homeandhospital@bostonpublicschools.org). Si elèv la genyen yon IEP epi li pa kapab asiste lekòl an pèsòn pou plis pase 60 jou skolè, lè sa lekòl la t ap oblije òganize yon reyinyon ekip.  
↓
- 6a **Si yo apwouve li**, ekip Lakay ak Lopital la kominike apwobasyon an pa imèl. Nan lesplas 48 èdtan:

  - Elèv la kode kòm Lakay ak Lopital nan Sistèm Enfòmasyon Elèv BPS la (Aspen) pa ekip Lakay ak Lopital la.
  - Ekip lekòl la anwole elèv la nan kou apwopriye nan EdOptionsAcademy epi elèv la kòmanse aprann de lakay li.

6b **Si yo refize li**, ekip Lakay ak Lopital la kominike refi a pa imèl. Nou atann elèv la pral kontinye ale lekòl an pèsòn touswit.